# JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALIQ ILIMLER

## Tariyx. Huqıqtanıw. Ruwqıylıq

### GLOBALLASIW DAWIRINDE MILLIY, REGIONALLIQ QÁDIRIYATLARDIŃ ÓZ ARA BAYLANISI

**A.Allambergenov** – *filologiya ilimleri kandidatı, docent*
*Muhammed al-Xorezmiy atindaǵı Tashkent informaciyalıq texnologiyaları universiteti Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** qadriyat, milliylik, regionallık, ma'naviyat, civilizatsiya, xalq, erkinlik, ilm, madaniyat, urf-odat, insoniylik.
**Ключевые слова:** ценность, национальность, регионализм, духовность, цивилизация, народ, свобода, наука, культура, традиции, человечность.
**Key words:** value, nationality, regionalism, spirituality, civilization, people, freedom, science, culture, traditions, humanity.

Joqarı mánáwiyatlı insan búgingi kún hám keleshek haqqında pikir júritedi, qayǵıradı, sonıń menen birge keleshektegi ómir hám turmıstıń rawajlanıwı ushın óz úlesin qosıwǵa umtıladı. Sonlıqtan, ǵárezsiz mámleketimizdiń keleshegi ushın mánáwiyatı joqarı, nawqıran insanlar zárúr.

Mánawiy qádiriyatlar hám milliy ózlikti ańlaw tınıshlıq hám rawajlanıwdıń bas shárti bolıp, xalıq sanasınıń ósiwi hám ómir hámde turmıs mádeniyatınıń rawajlanıwında zárúr áhmiyet dóretedi.

"Mánaiyat-insandı ruwxiy páklew, qálbin oyatwǵa shaqıratuǵın, adamnıń ishki dúnyası, jigeri bekkem, iyman-isenimin pútin etetuǵın, hújdanın oyatatuǵın qúdiretli kúsh, onıń barlıq kózqaraslarınıń ólshemi"[1] degen edi mamleketimizdiń birinshi Prezidenti I.Karimov.

Usı orında bir nárseni ayrıqsha eskertiw lazım, xalqımız hár qanday sharayatta da bir ómir óziniń diniy isenimin abaylap hám álpeshlep kelgen, mánáwiy qádiriyatların qádirlegen. Olar bul jolda janın hám ayamaǵan: Abdulla Qodiriy, Sholpan, Fitrat, Elbek, Usmon Nosir, Allayar Dosnazarovlar kibi júzlep ziyalı hám mámleketlik iskerlerdiń keshirmeleri usı pikirimizdiń anıq dáliyli boladı.

Ǵárezsizlik sharapatı menen tiklengen biybaha qádiriyatlar haqqında kóp aytıp atırmız. Ǵárezsizlik bizge tariyx haqıyqatın tiklew, milliy, mádeniy miyraslardı úyreniw hám qalıs bahalaw imkánın berdi.

Ómirimizge bir názer salayıq: bunnan otız jıl aldın kim edik, házir kim boldıq! Taǵdirimiz, erkimiz kimlerdiń qolında edi? Tilimiz, dinimiz qay ahwalǵa túsip qalǵanı esimizden shıqtıma? Imam al-Buxariy kibi ullı muhaddislerimizdiń muqáddes qábirleri wayran, tikenekzar bolıp jatqanın umıta alamızba? Húkim etip turǵan siyasatqa sál qayshı keletuǵın ápiwayı bir gáp ushın xalqımızdıń hasıl perzentleri repressiyaǵa ushıraǵan, kópshilik adamlar eki júzlemeshilik, jalpıldaqlıq penen kún keshirgen dáwirler ele esimizden kóterilgen joq.

Ǵárezsizlikke eriskenimizge tariyxta júdá qısqa waqıt bolsada, keleshegi ullı mámleket qurıw jolında, mámleketimiz puxaraları jámiyetimizdiń rawajlanıwına jaqsı úles qosıwǵa umtılmaqta. Óytkeni, bizdegi tınıshlıq hám rawajlanıwdıń baslı sebebi mánáwiy qádiriyatlar hámde milliy ózlikti ańlaǵanımızda.

Hár bir aqıllı insannıń, jámiyetimizdiń muqáddes wazıypası, aytıwımız múmkin, ómirdiń mánisi–aqıllı perzentler ósiriw, olardı hám fizikalıq, hám mánáwiy jaqtan jetik etip tárbiyalaw, kamalǵa jetkenin kóriw, ata-anasına, Watanına sadıq adam etip kamalǵa jetkiziwden ibarat. İnsannıń mánáwiy, minez-xulqınıń kamalı sonday keń, sonday quramalı, mazmun-mánisi jaǵınan tereń túsinik esaplanadı.

Jámiyetimizde júz berip atırǵan mánáwiy jaqtan jetilisiw, insannıń minez-xulqınıń, oy-pikiriniń, siyasiy jaqtan jetilisiwi, mámleketimizde ámelga asırılıp atırǵan milliy oyanıw processleri menen úzliksiz baylanıslı.

Házirgi zaman dúnya civilizaciyası rawajlanıw mashqalaları hám keleshegi ulıwma insanıylıq mánáwiy qádiriyatlardıń áhmiyetin belgili dárejede asırdı hám olardı dúńya civilizaciyasınıń tirishilik zárúrligine aylandırdı. Sebebi, bul mashqalalardı tek ǵana jer júzindegi barlıq xalıqlar hám mámleketler birgelikte awızbirshilik penen ǵana sheshiwleri múmkin.

Úrp-ádet hám dástúrleri, dini, tariyxıy ótmishleri, social-ekonomikalıq hám mánáwiy qızıǵıwshılıqları hár qıylı, hátteki, bir-birlerine qarsı bolǵan millet hám illetlerdi rawajlanıwdıń túrli basqıshında, hátteki, qarama-qarsı social-ekonomikalıq dúzimde turǵan xalıqlardı bir-birine jaqınlastırdı, olardı qaysı millet hám elatqa, klass hám sociallıq toparǵa tiyisli bolıwına qaramastan bir insan perzenti ekenliklerin seziwi oǵada áhmiyetli.

Jer júzindegi xalıqlarda ele tariyxıy ótmishtiń izleri kúshli bolıp, olar bir insan perzentleri ekenin seziw dárejesine shekem rawajlanbaǵan. Buǵan erisiw ushın jer júzindegi bárshe xalıqlar alımlarınıń mánáwiy qádiriyatlardıń payda bolıwı, olardıń quramalı rawajlanıw jolına, mazmun hám kórinislerine baǵıshlanǵan ilimiy-izleniw jumısların kúsheyttiriw hámde olardıń nátiyjelerin miynetkesh xalıq arasında jayıw hám túsindiriw jumısların keń kólemde alıp barıw lazım. Sonıń menen bir qatarda bul jumıslardı mámleket siyasatı dárejesine kóteriw zárúr.

Insanlar qaysı topar hám sociallıq qatlam, qaysı din, elat hám millet wákilleri bolıwına qaramastan, olar tábiyattıń ózine tán bir bólegi sıpatında óziniń sociallıq hám biologiyalıq áhmiyeti jaǵınan bir pútinlikti quraydı, bul jaǵday ulıwma insanıylıq xarakterge iye bolǵan mánáwiy qádiriyatlardıń qáliplesiwine alıp keledi. Bunday qádiriyatlar olardıń sociallıq tábiyatına mas bolıp, olardan ajıralǵan halda bolmaydı.

Ulıwma insanıylıq qádiriyatlar insaniyattıń jarqın kelesheginiń kórinisi esaplanadı. Házirgi kúnniń ózinde-aq olar túrli millet hám elatlardıń túrli social-ekanomikalıq dizimindegi xalıqlardıń tınısh-tatıw jasawdaǵı olardıń birgelikte hám awızbirshilikte házirgi zaman mashqalaların hám wazıypalardı bir jaqlı qılıwdaǵı áhmiyetli bir mánáwiy quralǵa aylanıp barmaqta.

Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarınan baslap dawam etip kiyatırǵan qutlı dástúr-ullı babalarımız dúnyaǵa dańq shıǵarǵan, jáhán jámáátshiligi álleqashan óz muqaddes múlki dep tán alǵan mánáwiy miyras iyeleriniń yubileylerin mámleket hám jáhán kóleminde nıshanlaw haqqındaǵı pármanlar hám olardıń orınlanıwı áyne usı másele - milliy mánáwiyatımız negizlerine pútkil xalqımız hám birinshi náwbette, jas áwlad itibarın qaratıw maqsetin kózde tutadı.

Hesh bir xalıq dúnyada jeke jasamaydı, jalǵızlıqta rawajlanbaydı da. Elat hám milletler hámiyshe óz ara túrli múnásibetlerde boladı hám tariyx dawamında bir-birine tásir ótkizip, ózlerin de, ózgelerdi de mánáwiy bayıtıp baradı. Biraq, hesh qashan hesh bir xalıq ózliginen pútkil waz keship, basqa xalıq mánáwiyatı esabınan ózin bayıta alǵan emes.

Jeke bir shaxs pútkil ózge bir mánáwiy bir ortalıqta tárbiya alıp, oǵan tolıq maslasıwı múmkin. Biraq, pútin bir xalıq tolıǵınsha ózliginen keship, ózge xalıq mánáwiy dúnyasın qabıl qılsa, demek, onday xalıq joq boladı.

Tán alıw kerek, eski dúzim waqtında alımlarımız hám tariyxshılarımız qanshelli pák, qanshelli haqgóy bolsada, ájdadlar miyrasına qalıs jantasıw imkánına iye emes edi. Olar bazıda ózleri tuwrı dep oylaǵan halda, bazıda májbúrlikten bardı joq, joqtı bar qılıp kórsetken. Ájdadlarımız sózlerin qalıs, sol aymaq mánáwiyatınıń

ámeliy hám teoriyalıq kámilligi aymaqqa muwapıq tárizde emes, marksistlik ideologiya jónelisine tán ráwishte soz etken.

Nátiyjede ótmish miyraslarımız benen túp qoljazbalardan, tolıq tekstlerden emes, ǵalabalıq basılımlar tiykarında tanısqan kópshilik joqarı maǵlıwmatlı qánigeler de jalǵız ideologiya ruxsat bergen «haqıyqatlar»dan basqa haqıyqatlar bar ekenliginen derlik biyxabar tárbiya alǵan. Búgin ziyalılarımızdıń kópshiligi mánáwiy miyrastı tuwrı ańlap jetiwge qıynalıp atırǵanlıǵınıń sebeplerinen biri de usınnan.

Bir insanǵa óz milliy mánáwiyatın tolıq ańlap jetiw ushın Allah júz jıl ómir berse de kemlik qıladı. Hár biri millet, hár bir xalıq óz turmıs tárizin, keleshegin ájdadlarınıń tariyxıy tájiriybesine tiykarlanıp quradı, jónsiz pishimler tiykarında rawajlana almaydı. Mıń jıllar dawamında jer júzindegi túrli aymaqlarda jasaǵan xalıqlardıń óz-ara siyasiy, mádeniy, sociallıq baylanısları házirgidey jaqın bolǵan emes.

Ásirler dawamında jer júzinde túrli mádeniy aymaqlar qáliplesken. Evropa, Aziya xalıqlarınıń aymaqlıq mádeniyatı hám basqa bir qatar aymaqlar mádeniyatı-bulardıń hár biri basqasınan parıq qılıwshı bir qatar diniy isenim, filosofiyalıq mektepler, kórkem-óner hám ádebiyat, úrp-ádet hám dástúrlerdiń ózine tán uyǵın bir sistemasın payda etip, insaniyattıń bunday biybaha múlkin, mánáwiy ǵáziynelerin biyparıqlıq penen bir-birine qarıstırıp jiberiwimiz ulıwma jaqsı nátiyjege alıp kelmeydi.

Túrli milletler mánáwiyatınıń ózine tánligi ayqulaqtaǵı túrli reńlerge uqsas bolıp, olar birin – biri tolıqtıradı, bayıtadı, biraq biykár etpeydi.

Ulıwma, insanıylıq mánáwiyattı yaǵnıy qádiriyatlardı belgili bir xalıq óz aldına jaratpaydı, bul mánáwiy qádiriyatlardı hár bir xalıq, hár bir elat óz tariyxıy tájiriybesi menen áste-aqırın qáliplestirip baradı hám óz-ara túrli múnásibetler processinde elatlar, milletler bir-birin túsinip, óz-ara mánáwiy qádiriyatlarındaǵı ulıwmalıq táreplerin ańlap baradı.

Xalqımızdıń házirgi milliy mánáwiyatı hám qádiriyatları ótmish milliy mánáwiyatınıń dawamı bolıp, olarǵa doslıq, ortaqlıq, miymandoslıq, adamgershilik, insanpárwarlıq, isbilermenlik, pazıyletlilik, saqıylıq, keń peyillik, jámáát ishinde ózin tuta biliwlik, ana-jurt hám xalqına muxabbatlılıq, rasgóylik, ata-ana hám úlkenlerdi húrmet qılıw, miynetsúygishlik hám basqa milliy, mánáwiy, ádep-ikramlılıq páziyletler kiredi.

Zulımlıq sistema dáwirinde basqa milletler qatarı xalqımızdıń da aziz tuyǵıları kemsitilgen edi. Qullıq, qaramlıq qamshısı járdeminde olardıń barlıǵın sovet xalqı degen bir qálipke kiriwge, yaǵnıy óz tili, dini hám isenimlerinen waz keshiwge májbúr qılınar edi. Jalǵan uranlar yamasa jalǵan wádeler menen sırttan hámme-hámmeni birlikke, awızbirshilikke sharlaǵan bolıp, biraq, mánqurtlıq jolına májbúrler edi.

Ózbekstan óz azatlıǵın qolǵa kiritkennen keyin ǵana onıń bawırındaǵı hár bir puxara óz tili, dini hám isenimleri menen ózin bir millet wakili, ǵárezsiz insan sıpatında seze basladı. Sonıń ushın da, mamleketimizde jasap atırǵan túrli millet wákilleri áne usı ruwxıy pútinlikke hám sonıń menen birge ulıwma ruwxıy hámmege birdey jol ashıp bergeni ushın da mámleketimiz milliy siyasatın bir awızdan qollap-quwatlamaqta hám erteńgi kúnge úlken isenim menen jasamaqta.

Endilikte olar Ózbekstan xalqı degen muqaddes at ishinen ózin, óz maqsetlerin, shańaraǵın, perzentleriniń keleshegin de kóz aldına anıq keltire basladı.

Millet endi ǵana ayaqqa turǵan hám milliy mámleketshilik payda bolıp atırǵan basqıshtan milletti birlestiriw, uyǵınlastırıw wazıypası turadı. Milletshilik mámleket hám millet qáwipsizligine, regionallıq hám keń kólemdegi qáwipsizlikke, kúshli qáwipke de aylanıp ketiwi múmkin. Milletshilik Ózbekstan hám Oraylıq Aziya regionında milletleraralıq baylanıslarǵa qáwip salıwı itimaldan jıraq emes. Ol Oraylıq Aziyadaǵı respublikalardıń aymaqlıq – administrativlik shegaraların payda etiwde Rossiya imperiyası júrgizgen hám Sovet húkimetli dawamlaǵan siyasat aqıbetlerine barıp tireliwin umıtpaw kerek. Anıq maqsetke qaratılǵan migraciya siyasatı Oraylıq Aziya regionı xalqınıń polietnikalıq quramı taǵı da hár qıylı bolıwına alıp keldi.

Mádeniy – aǵartıwshılıq tarawında Batıs hám Shıǵıstıń ózine tán kelbeti bar ekenligin kóp oyshıllar atap ótken. Máselen, Ibn Sino óziniń «Shıǵıs filosofiyası» shıǵarmasında adımlardı «batısshılar» hám «shıǵısshılar» ǵa ajıratıp, bazı adamlardıń filosofiyalıq kózqaraslarında grek filosofiyasına jabısıp alıwın atap ótken. Ullı hind oyshılı Sevami Vivekanada: «Evropa hawazı - siyasat hawazı hám bul boyınsha onıń ustazı áyyemgi Greciya» - deydi. Shıǵıs hawazı – ruwxıyat hám mánáwiyat hawazı - barlıq payǵambarlardıń pútkil ómiri Ruwxtı úgit-násiyatlawǵa qaratılǵan.

Áyyemgi Shıǵıs degende Evropa kóbirek baylanısta bolǵan Mısır, Ossuriya, Bobil hám Batıs Aziya túsiniledi hám tek solardıń tariyxın úyreniw menen sheklenedi. Insaniyattıń huqıqıy dúnyalıq mádeniyatı Batıs civilizaciyası hám Shıǵıs mánáwiyatınıń qosılıwı menen jaratılǵan.

Demek, joqarıdaǵılardan kórinip turǵanınday, Batıs hám Shıǵıs ózine jarasa rawajlanıw jolı, salt-dástúrleri turmıs sharayatı bar. Házirgi dáwirde bul eki álemdi bir-birine qarama-qarsı qoyıw emes, al, bir-biriniń jaqsı táreplerinen óz ara paydalanıwdı zaman talap etpekte. «Batıs áleminde bolsa adamlardıń turmıs tárizi jámáátshilikke qaraǵanda individualizm, jeke máp principleri ústinlik etiwin kóriw múmkin. Bul da belgili bir obyektiv tariyxıy faktorlar tiykarında payda bolǵan waqıya bolıp, onı da biykarlap bolmaydı.

**Ádebiyatlar**

1. Karimov I. Yuksak mánaviyat - engilmas kuch. -T.: «Mánaviyat».
2. Bazarbaev J. Milliy ideya - biziń ideyamız. -N.: 2003.
3. Musurmonova O. Mánaviy qadriyatlar va yoshlar tarbiyasi. –Toshkent: 1996.
4. Nazarov Q. Qadriyatlar falsafasi (Aksiologiya). –Toshkent: «Faylasuflar milliy jamiyati nashriyoti». 2004.

**REZYUME.** Maqolada Sharq donishmandlarining asarlarida milliy g'oyaviy tasvirlarning qadriyat masalalari bilan o'zaro aloqadorligi ilmiy-nazariy jihatdan tasvirlangan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается с научно-теоретической точки зрения взаимосвязь национальных идеологических образов с проблемами ценности в творчестве восточных гениев.

**SUMMARY.** The article examines the relationship of national ideological images from a scientific and theoretical point of view with the problems of value in the work of oriental geniuses.

## BUXORO AMIRLIGIDAGI AYRIM ETNIK GURUHLARNING JAMIYATNING TURLI SOHALARIDA TUTGAN O'RNI

**J.N.Xakimov** – *assistent o'qituvchi*
*Toshkent kimyo-texnologiya instituti Shahrisabz filiali*

**Tayanch so'zlar:** Buxoro, yahudiy, tabobat, Meyendorf, etnik guruhlar, attorlik, jarroh, tizim.
**Ключевые слова**: Бухара, еврей, медицина, Мейендорф, национальные группы, адвокатура, хирург, система.
**Key words:** Bukhara, Jew, medicine, Meyendorff, national groups, attorry, surgeon, system

Buxoro aholisi ko'p millatli bo'lib, uning tarkibida yahudiy, turkman, fors, eroniy, afg'on va boshqa xalqlar yashagan. Buxoro amirligida yashagan turli etnik guruhlar jamiyat ijtimoiy-iqtisodiy hayotining deyarli barcha so-